

# JWENN ENFÒMASYON YO. METE YON MASK



## LI TOUJOU PI AN SEKIRITE POU METE YON MASK

COVID-19 kontinye ap enfekte plizyè milye moun chak jou ki gen ladan granmoun aje, granmoun, adolesan ak timoun. **Menm lè mask obligatwa ou pa nan zòn ou an, oumenm ak fanmi w ap pi an sekirite si nou mete yon mask..**

## Mask pwoteje w kont COVID-19

Paske COVID-19 gaye trè fasil, mete yon mask pwoteje w, zanmi ak fanmi w, ak kominote w.

- ✓ Lè ou mete yon mask, li gen mwens chans ke ou vin malad paske w respire viris la si li nan lè a
- ✓ Li posib pou w malad ak COVID-19 san w pa konn sa, paske se pa tout moun ki santi yo malad. Nan ka sa a, mete yon mask fè gen mwens chans ke ou transmèt viris la bay lòt moun.



## OU DWE BYEN METE MASK LA POU LI EFIKAS.

- Mete mask ou sou nen ak bouch ou
- Asire w ke pa gen okenn fwit lè k ap soti pa anwo oswa sou kote
- Mete ak retire mask ou ak men pwòp
- Pa touche mask ou lè li nan figi w
- Netwaye mask ki ka resèvi a omwen chak jou
- Sèvi ak mask jetab ou a yon sèl fwa



## Vaksen yo bay plis pwoteksyon

- Pran vaksen an se desizyon ki pi enpòtan w ka pran pou w pwoteje tèt ou ak kominote w.
- Li enpòtan pou rete ajou ak vaksen COVID-19 yo, mete ladann piki boustè lè w kalifye.

## MENM MOUN KI PRAN VAKSEN YO PI AN SEKIRITE AK YON MASK.

Li posib pou w pran COVID-19 apre w fin vaksinen, men vaksen an ap toujou pwoteje w pou w pa vin malad grav.

Pran yon vaksen ak mete yon mask se pi bon fason pou fè pou evite tonbe malad ak transmèt COVID-19 bay lòt moun.